ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПАЧЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№20 (22.178) ● 2012 гъэм мазаем (февралым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КъБР-м и мэкъумэш ІэнатІэм тэмэму зэрызиужьыр нэрылъагъущ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсенрэ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Скрыник Еленэрэ Іэ щІадзащ мы ІэнатІэм зэрыщыІэзэлъэжьмэ теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкь иткІэ, 2012 гъэм КъБР-м и мэкъумэшыщІэхэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 838-рэ кьыхэхуГІыщынущ, республикэмк абы сом мелуани 124-рэ щІигъужынущ. Апхуэдизу ахъщэ трагъэкІуэдэнущ инвестицІэ проектхэр яГъэзэщІэн папщІэ зэман кІэщІкІэ кьащта щыхуэхэм, хозяйствэ мыинхэм кьыІаха кредитхэр щыщІ Іыхьэ яхуэпшныжьыным. Апхуэдизу субсидиехэмкІэ зыщІагъэкъуэнущ жыг хадрэхэр хэзыгъэхэмрэ зезыхьэхэмрэ, хадрэхэІ, элитэ жылапхъэхэр зыгъэкІэхэм, Іэщ лъэпкьыфІхэр зыгъэхъуэхэм.

УФ-м МЭКЪУМЭШ хозяйствэмкІэ и министр Скрынник Еленэ кьыхигъэщащ КъБР-м и мэкъумэш ІэнатІэм тэмэму зэрызиужьыр: «Сэ абы Іуэхуфі1эр кьыхэзырыркІуэр сольагъу. Фи щыналъм тэмэму щагъэзащІэ экономикэ программэ щхьэхуэхэр. Фэ фызыхуеи Іуэхуэхэр кьыхэфлъхьи, зэрытухуэзфІэкІкІэ дывдэІэпыкьынущ, зэпымыууэ федеральнэ программэм кьигъэувхэм ельытауэ фыщымытын хуэдэу». Министрым апхуэдэу жиІащ дяпэкІэ кьэралым и щыналъхэм кьыхалъхьэ Іуэхуэхэм гулытэ нэхъыбэ зэрыхуэщІыну, ахэр зэрядагъэкІынум зэрыхэтынур.

Гъэ кІуам ди мэкъумэшыщІэхэм продукцыу кьалэжьыр 2010 гъэм елытауэ проценти 108-рэ мэхьу. Мы ІэнатІэм лэжьыгъэфІ зэрыщекІуэкІым и щыхьэтщ гъавэ Іухьжьынщ зэман кІэщым зэрызэфІагъэкІар, гъавэхэкІ нэхъыщІэхэр кьалэжьхэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Нэрылъагъуу ефІэкІуащ Іэщ гъэхъунри, ерыскъыкъэкІэхэр кьыщІэхъкІынри, сырьем елэжьынри.

Иджыпсту агропромышленнэ комплексым щагъэзащІэ мэкъумэш хозяйствэм зеГъэуэжьымкІэ кьэрал программэм ипкь иткІэ илъэситІ-илъэсищ я пэкІэ зэлэжьу щІадза инвестицІэ проектхэр. Апхуэдизу республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ экономикэ программэхэри ирагъэжьащ. Абыхэм хеубыдэ лъыэ, гъэшу кьалэжьым хэзыгъэхьуэну проектхэр, пхъащхьэмыщхьэ хьэмаплэ мыинхэр ухуэнырэ. Зэпымыууэ я нэІэ трагъэтщ кьуажэдэсхэм папщІэ унэхэр ухуэным, инфраструктурэр егъэфІэкІуэным.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадза нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэм РБК телеканалым и корреспондентым ирита интервьюм кьыщигъэлъэгъуащ мэкъумэш хозяйствэм псынщІэу зегъэужьыным республикэм кьаруушуэ зэрыщрахьэлІэр: «Сэ псори кьызогъэблагъэ мы ІэнатІэм щызэфІэдгъэкІаХэр зыхуэдизым щыгъуазэ защІыну. Дэ дгъэлъэгъуэн дийэщ. Ди Іуэхуэр зэрефІакІуэр куэдкІэ и фІыщІэщ федеральнэ центрыр зэпымыууэ кьызэрыздэлэжьынкьым. Кьащтэмэ, 2011 гъэм и закъуэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелард 1,5-рэ хуэдизу, республикэм и ахьшэу сом мелард 0,5-м нэблагъэ мы ІэнатІэм хуэхтхащ. Ар сэ-бэпышІуэ мэхьу агропромышленнэ комплексым инвестицІэхэр кьыхуэзэщІэгъэуІуэныжьмкІи. Мэкъумэш продукцэр кьэлэжьыныжьмкІэ дэ щІэныгъэм и иджыпей екъуІэныгъэхэр кьыдогъэсэбэп. Псом хуэмыдэу, хьарзынэу зауэж жыг хадрэхэр зехьэным, хадрэхэкІэр кьеекьэлІэным, Іэщ гъэхъуным. А ІэнатІэ псоми дэ кьыщыдогъэсэбэп нэгъуэщІ кьэралхэм я Іэщагъэлъ1эм я екъуІэныгъэхэр».

Кьанокьуэ Арсен жиІащ республикэм и мэкъумэшыщІэхэм куэд зэрэзыхэфІэкІынур и фІэщ зэрыхьур: «Мурад гуэр щызыкъэдгъэувыжьым деж дэ дыхущокьу иджыпей технологиехэр нэгъэсауэ кьыщэрыщІгъэсэбэпынымэ. Псоми кьадэкІуэу, республикэм кьыщалэжь продукцэр фІыуэ екІи езэгъэрабгъуу щытын хуейщ».

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ ПравительствэмрэяГ и пресс-Іуэхущ1ал1эм и унафэщІ.

ЩІалэгъуалэм яІуощІэ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий мазаем и 1-м яхуэзащ КъБКъУ-мрэ КъБКъМД-мрэ я студентхэм. ЗэІуІщІэр теухуауэ щыгащ гъатхэпэм и 4-м къэралым щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм.

- ДЭТХЭНЭ зыри хуитщ езым и псэ кьыдыхьэм Іэ хуиІэтыну, абы хэгъэзыхьи залымыгъи хэлъкъым, - жиІащ Щхьэгуэш Адэлбий. - Ауэ сэ си Іуэху епльыкІэр фщІэну фыхуеймэ, кандидату зыкъэзыгъэлъэгъуэхэм ящыщу нэхъыфІу кьэслъытэр УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Путин Владимирщ. Фэ, шэч хэмылъу, фыщыгъуазэщ кандидатхэм я Іуэху епльыкІэхэм, газетхэми телевиденэми абыхэм я кьэпсэльэныгъэхэм фыщрихьэлІащ. Фигу кьэвгъэкІыжьыт шэщэн зауэр. Нэгъуэщ1 зыри хуэзэфІэмыкІами, Путин Владимир а щІыпІэм мамыр псэукІэр щызэтриуухуэжащ. Си гугъэщ ар зыхуэзэфІэкІа цІыхум кьэрал унафэщІ кьуныкъум дяпэкІи Іуэхугъуэфі куэд щилэжьыну.

АдэкІэ Щхьэгуэшыр тепсэльыхьащ президент кьуныкъум щІэхъуэпсу зыкъэзыгъэлъэгъуэ дэтхэнэ зыми и политикэ ухуэкІэм, Путин Владимир газ зэрызэмыдэхэм кьытрыригъэдза тхыгъэхэм ящІэлъ гупсысэм, льэпкь зэныкъуэкъу кьэзыгъэхъухэм абы фейдэуэ халъагъуэм, ди щІыналъэр зыужьыныгъэ гъуэгум зэрытетым, нэгъэщІэхэми. Абы щІалэгъуалэр кьыхуриджащ жыджэру щытыну, я Іуэху епльыкІэхэр пхагъэкІыфу зрагъэсэну екІи кьыхилъхьащ я гупсысэхэмкІэ щызэхъуажэ мыпхуэдэ зэІущІэхэр нэхъ щІэх-щІэхьурэ ирагъэкІуэкІыну.

Щхьэгуэш Адэлбий ныбжьыщІэхэм я упщІэ псоми жэуап иритащ, абдеж къыщыхалъхьа Іуэхугъуэхэр пхыгъэкІынымкІи зэрыхъукІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну кьитрэгугъащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Суэтыр КЪЭРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● Коллегиехэр

Я гулъытэр ялъоІэс

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэм-кІэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэм нэгъабэ зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ икІи мы гъэм кьапэщыт кьалэнхэр щагъэбелджылащ.

МИНИСТР **Тюбеев Альберт** и отчет докладым кьызэрыщигъэльэгъуамкІэ, республикэм и предприятэ нэхъ инхэмрэ курыгъэмрэ мазэ улахуэр ику ину том 12.493,9-м щынэсащ икІи ипэ итА илъэсым елытауэ процент 11-кІэ щыхэхуащ. 2011 гъэм экономикэм и ІэнатІэ лІэужьыгъуэ псоми ику ит улахуэр, Къэбэрдей-Балькъэрым зэжьэфІыну исым кьахьым тещІыхьауэ, щыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм щхьэдэхащ.

- КъБР-м и Правительствэр, республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэр, Къэбэрдей-Балькъэрым и Промышленникхэмрэ хьэрыфэгъэщІэхэмрэ я зэхьэныгъэр 2011 - 2013 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ нэгъабэ гъатхэпэм и 9-м зэращІылІа лъэныкьуищ зэгурыІуэныгъэм щыгъэбелджылащ цыхуэм ІэнатІэ тэмэм, хуэфащэ хэхъуэ иІэн папщІэ эуІуэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр. Апхуэдизу ику ит мазэ улахуэр 2011 гъэм сом 13.040-м нэгъэсыным. Предприяти 168-м гуп зэгурыІуэныгъэхэр щызэращІылІащ. Социальнэ зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыным пыща Іуэхугъуэхэр яГъэзащІэ. А щыкІэм тету, ІэнатІэ зытхэмрэ профсоюз зэгъэныгъэхэмрэ тариф зэгурыІуэныгъэу 13, щыналъэ зэгурыІуэныгъэу 38-рэ зэращІылІащ. Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ щызэращІылІа гуп зэгурыІуэныгъэ 1.265-м щыху мин 98,3-рэ кьызэщІаубыдэ, - жиІащ министрым. - Урысей Федерацэм и законодательствэм кьызэригъэувым хуэдэу, радиацэм е нэгъэщІ къэхъукьащІэхэм я зэран зэкІэхэм, хэкІуэда, дунейм ехьажа дзэ зауэлІхэм я унагъуэхэм, политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн ящІу си мылькур зыфІэкІуэдахэм, нэщхьеягъуэ зиІэхэм, псэукІэр кьызытехьэлъэхэм ди министерствэр ахъшэкІэ ядоІэпыкьу. Лэжьыгъэм и ветеранхэм, зэхэзехуэн ящІу хей хьужахэм, лыы зытхэм (донорхэм), кьуажэ ІэщІагъэлІхэм ящІыщу цыхуэ 51.533-м зэ етыгъуэу псоми зэхэту сом мелуан 272-рэ мин 802-рэ нэгъабэ яхуэхэтащ, льготэ зиІэу 110.608-м я псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхугъэзэхэмрэ хуэзэр ящІыщІэпсэлъащІащ. Нагъабэ кьыриубыдэу а Іуэхуэхэм сом мелуан 935-рэ мин 780-м щІигъу кьыщыдгъэсэбэпащ.

Тюбеев Альберт кьызэригъэлъэгъуамкІэ, сабий зыпІ унагъуэхэм кьэрал пособие лІэужьыгъуэ псори и чэзум ялэрыкьащ. Илъэс кІуам а Іуэхум сом мелуан 764-рэ мин 589-рэ хуэутыпащ. УнагъащІэхэмрэ сабий куэд зыпІхэмрэ республикэр хьарзынэу ядоІэпыкьу. Мы зэманым «Анэм и щІыхь» медалыр бынм 5 е нэхъыбэ кьэзылъхуа, зыгъэса анэ 94-м зэрахьэ. Етхуанэ сабийр е нэхъыбэ кьызыхэхьуа унагъуэхэм псэупІэ ирахуэхэн, кьрашэхэн папщІэ, сертификат 566-рэ ираташ. Иджыблагъэ унагъуэщхуэу 60-мollэ-щІэныгъэ дэІэпыкьныгъэ сом мелуан 15 хухахащ.

- ЩытыкІэ гугъуэм кьихуэта ныбжьыщІэхэм нэхъ псынщІэу дальэІэсын, зашІэдгъэкъуэн папщІэ, 8-800-2000-122 дзыхь зыхуащ телефониф 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 1 льандэрэ догъэлажьэ. Ар зыуэ щыт урысейпсо номерщ. Министерствэм и сайтым кьыщызэІутха напэкІуэщІым сабийхэр залымыгъэм щызыхьуэм тхыгъэхэр ядолъхьэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ щыналъэ кьудамэхэм я Іуэхущафэм дыщытопсэльыхь. Сабийхэм я нэгу зегъэужьыныр, я узынщагъэр егъэфІэкІуэныр зэрыдубзыхуам тету кьызыдогъэпсэн. Гъэм зэрыщІдзэрэ а Іуэхум ныбжьыщІэ 41.259-рэ кьызэщІедгъэуфыдащ, - кьызкинГэущащ кьэпсэльам. - Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, хэкІуэдахэм, ныкьуфыкьуэ щыхьуауэ, зауэм хэтауэ дунейм ехьыжахэм я унагъуэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным теуху программэр федеральнэ законодательствэм тету догъэзащІэ. 2009 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу зауэм и ветеран 229-м республикэ бюджетым щыщу субвенцэ щыкІэу сом мелуан 200-м щІигъу яхуэтащ. Нэгъабэ и закъуэ щыху 62-м мелуан 57-м хуэзэ сертификатхэр еттати, 44-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ, зезыгъэтхауэ чэзум щыт ветеран 32-м я Іуэхури мы гъэм зэхуэдгъэхьуну ди мурадщ. Абы папщІэ сом мелуан 16,5-м щІигъу кьыдатащ. КьыщыкІэлъплъэу, Хэку зауэшхуэм хэтауэ, хэкІуэдахэм я щхьэгъусэу 1.074-м сом мелуани 7,5-кІэ зашІэдгъэкъуащ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ Іэнатіэу 22-рэ яІэщ. Абыхэм нэгъабэ кьэрал щэсыпІэ зиІэ Іуэхутхьэбзэ мелуани 4-рэ мин 417-рэ 218-рэ щагъэзэщІащ. Отчет гъэхъэнэм кьриубыдэу дэІэпыкьуэгъу хуэныкьуэу щыху 10.068-рэ щхьэхуэу ятхащ. Зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ ныкьуэдыкьуэхэмрэ социальнэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу зы мелуанрэ мин 315-рэ 375-рэ я унагъуэхэм щыхуащІащ. Гуп хэхахэр щыІащ, псэукІэр кьызытехьэлъэхэм якІэльоплъ, ахэр зыхуей хуагъазэ. Апхуэдэ социальнэ Іуэхутхьэбзэу 98.892-рэ республикэм и щыху 21.583-м хуэзфІагъэкІащ. Мылажьэ пенсионерхэм зашІэгъэкъуэным, социальнэ Іуэхутхьэбзэщ1апІэхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр егъэфІэкІуным тещІыхьа программэр ягъэзащІэ. Мы гъэм а Іуэхум сом мелуан 14-рэ мин 275-рэ хухахащ.

- ЦІыхуэхэм нэхъ псынщІэу дальэІэсын икІи нэхъыфІу зашІэдгъэкъуэн папщІэ, «Зыуэ щыт социальнэ телефон», «Дзыхь зыхуащІ сабий телефон», «Корруп1цэм зэрэпэщІэт линэ» хэщІапІэхэр куэдхэм кьыщызэІутхьнущ, «Ди нэхъыжьхьэр» республикэ программэр, «ХьыбарегъащІэ киоск», «Республикэм щыпсэуи и социальнэ картэ» проектхэр дгъэзэщІэнущ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр электрон Іэмалкіэ зэрыхуащІэ щыкІэм дыхуэкІынущ, - кьыкигъэщащ Тюбеевым Альберт. - Нэгъабэ тхыгъэ 102-рэ щыІащ кьытредгъэдзащ, 374-рэ ди министерствэм и официальнэ Интернет-сайтым, 28-рэ КъБР-м и УнафэщІым и официальнэ Интернет-сайтым, 367-рэ Правительствэм и официальнэ Интернет-сайтым итІыхьащ, республикэм хэтыгъэ щІэныгъэм 127-рэ радиом - 142-рэ щыдгъэхьэзыращ, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я нэгъэущІ Іэнатіэм кьыдогъэсэбэп. Цыху 3.950-м зыкьытхуагъэзати, псоми дыхэплащ.

Министрым жиІам дыщагъэжьу зэхьыбжэн щыщІэсэлъащ ветеранхэм я Къэбэрдей-Балькъэр зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ **Шыхьэфэжьыкьуэ Мухьэмэд**, республикэм и Пенсэ фондым и унафэщІым и кьуэдзэ **Бэлэтокьуэ Владимир**, КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ зэпымыуэ хьумэныжьмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ **Жанатаев Сэлим**, Къэбэрдей-Балькъэрым Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Бэрокьуэ Ахьмэд** сымэ.

ИужькІэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Голочалов Николай** я Іуэхущ1ал1эр мы гъэм зэрыдгъэжьну щыкІам кьызэхуэхэр хигъэзыгъэзащІ. Коллегием хэтхэм ар зэдэарэзыуэ кьащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къулыкъущ1эхэм лъы ят

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Уянаев Казым, республикэм щ1алэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр Хьэжырокьуэ Сультанрэ абы кьыдэхажьэхэмрэ, «М-Драйв» жылагъуэ зегъэужьыным хэтхэр, волонтерхэр ныджыблагъэ хэтащ «Кьэрал кьулыкъущІэхэр лъы тыным зэрыхъущытыр» пСапащІэ Іуэхум.

2011 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм Къэбэрдей-Балькъэрым лъы тыным зышІестэжьыным теухуауэ щрагъэкІуэкІа конференцым апхуэдэ Іуэху щхьэпэ зэрырагъэкІуэкІынум теухуа унафэ кьыщащтат.

- Согугъэ лъы зытыну хуейхэм я бжыгъэм кьыхэхъуэну. А Іуэхугъуэм кьеГъэпъагъуэ щІыхум зэдынэсыр, нэгъэущІым и гъащІэр кьеГъэлъныжьмкІэ хуэзфІэкІынур зыхуэдизыр, - жиІащ Уянаев Казым.

Лъы зытынухэм я узынщагъэр кьапщыта нужь, щІакхъуэ, шоколад и гъуэсу зыкъ щІэт ирагъафащ. А зэманым кьриубыдэу КъБР-м и Правительствэм ГъэзэгъуэгІ нэхъыщІэхэр гъэмахуэм ягъэІэпхъуащ, мазаем и 6-м Елизаветэ II и адэ Георг VI щылІа махуэу зэрыщытым кьыхэкІыу. АдэкІэ абыхэм дэтхэнэ зыми хуэзэу лъы мл 450-рэ ятащ.

Къэщ1эхэм зрагъэлъэгъуащ лъы щахьумэ пэшыр, медицинэ Іэмэпсымэхэр зыхуэдэм, абыхэм я яжькэкІэм зыщагъэгъуэзащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, зы ипъсым кьриубыдэу ди Іуэхум ІэнатІэм ирагъэкІуэкІынум теухуа ныдэлъфыбзэ щІыбыдынущ нужьрей илъэс 300-м зэи кьэмыхьуауэ Темзэ псым кхъухь куэд дыдэ зэрырикІуэнум. А лъэпкъ гуфІэгъэуэ зыкьриГъэхьэлІэну и мурадщ езы Елизаветэ II.

Елизаветэ II и пащтыхьыгъуэр илъэс 60 ирокьу

Великобританием Іэтауэ щагъэлъэпІащ Елизаветэ II пащтыхьыгъуэм зэрыгетыр-рэ илъэс 60 зэрырикъуар. Инджылызхэм гуфІэгъуэр даІэтащ къэралыгъуэ 15-м, Австралиер, Канадэр, Новэ Зеландиер, ЮАР-р, Ямайкэр яхэту.

Пащтыхь шу эскадроным и артиллерием Гайд паркым топхэр 41-рэ щыдгъэзуеящ, гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм зэрыщІадзэм и нэшэнэу. АрщхьэкІэ Іуэхугъуэ нэхъыщІэхэр гъэмахуэм ягъэІэпхъуащ, мазаем и 6-м Елизаветэ II и адэ Георг VI щылІа махуэу зэрыщытым кьыхэкІыу.

Великобританиемрэ абы пыщІэныгъэ быдэ зыхуиІэ кьэралыгъуэхэмрэ махуэшхуэм теухуа гъэльэгъуэныгъэхэмрэ пшыхьхэмрэ щокІуэкІ. Гъэмахуэм щыІэну ухьхьхьэм увыпІэщхуэ щыдыбыдынущ нужьрей илъэс 300-м зэи кьэмыхьуауэ Темзэ псым кхъухь куэд дыдэ зэрырикІуэнум. А лъэпкъ гуфІэгъэуэ зыкьриГъэхьэлІэну и мурадщ езы Елизаветэ II.

Урысейм фІыщІэ хуащІ икІи ягъэкъуаншэ

Урысей Федерацэм Ливаным щиІэ посольствэм и деж пэкІуитІ щекІуэкІащ. Зым хэтахэм ди къэралым фІыщІэ хуащІащ Сирием кьыззрыщхьащхьщ папщІэ, адрейм кьрихьэлІахэм ар яГъэкъуаншэ «ныгъажэ режимыр» зэрыдиІыгъым кьыхэкІыу.

Ящэ пэкІуитІ щыху 400-м нэблагъэ хэтащ, адрейм кьрихьэлІар 80-м щІигъуркъым. Абыхэм я Іуэху епльыкІэр зыкІи зэтемыхуэ пэтми, зэхьхьэхэр нэщІбжьэшІэу зэфІэкІащ.

Абы щыгъуэми, махуитІ хьауэу Дамаск пэкІуишхуэхэр щокІуэкІ. Кьызэхуэсахэм жаІэ президент Асад и политикэр кьаІэ щымыІэу зэрагъэІыгъыр, Урысей Федерацэмрэ Китаймрэ Сирием кьызэрыщхьэщыжьым кьыхэкІыу фІыщІэ ин зэрыхуащІыр. А къэралыгъуитІращ «вето» тезыльхьэу ООН-м ШынагъэуэшащхьэмкІэ и Советым и резолюцэ ткІийр пхьызымыгъэкІар. Абы кьигъэувырт Асад и кьулыкъум икІэщІыпІэкІэ текІуэу, хамэ къэралу кьаруэхэр Сирием ишэн хуейуэ.

Алыджым щызэгуроІуэ

Кризис куум зэщІищта Алыджым и политикэ фракцэхэм я пашэхэр икІэмикІэжьым зэгурыІуащ. Ахэр аргъэ хьуащ къэрал бюджетым кьыхахыну мылькур яГъэмащІэну.

Алыджым и премьер-министр Панадемос Лукас зэрыжиІамкІэ, зи гугъу ящІыр ВВП-м и процент 1,5-рэщ. Ар доллар мелардищым ноблагъэ. Бюджетым кьыхахыну мылькур яГъэмащІэныр зрагъэхьулІэну я мурадщ улахуэм кІэрагъэхукІэрэ.

Нэгъабэ и жэпуэгъуэм Евросоюзым унафэ кьищтащ еврэ мелардри 100-м щІигъукІэ Алыджым дэІэпыкьуну. АрщхьэкІэ а мылькур щыхуахьнур абы и облигацэхэр зыІыгъ банкхэм дэтхэнэми и уасэм и Іыхьэ ныкьуэр хуХІэрагъэхумэщ.

Палестинхэр зэкъуоувэ

Палестинэм и Лъэпкь администрацэм и Іэтащхьэ Аббас Махьмудрэ ХАМАС-м и политбюром и унафэщІ Машаель Халедрэ Катарым и кьалащхьэ Дохэ блыщхьэм щызэгурыІуащ автономием и зэблэкІыгъуэ правительствэм и пашэу Аббас зэрыщытынымкІэ.

Палестинэр зэгурыІуэныгъэмкІэ организацэм (ООП) и гъэзэщІакІуэ гупым хэт Абу Юсеф зэрыжиІамкІэ, лъэныкьуэхэр Іуэхугъуэ щхьэпэ куэдкІэ зэгурыІуащ. Кьащтэмэ, Машаалъэр Аббасрэ я акъыл зэтехуащ хэхыныгъэхэр зэрегъэкІуэкІыпхьэмкІэ, правительствэщІэм хэтынухэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІи.

Абу Юсеф кьыхигъэщащ а зэгурыІуэныгъэр ООП-м «ПалъэкІэ и унафэщІхэм» я зэІущІэм Палестинэм и фракцэ псоми кьыщащтэн зэрыхъуэкІыр.

НОБЭ

Шынагъуэщ1э Интернетым и дунейпсо махуэщ

п Курилхэмрэ Сахалинрэ зэдэгуэшыным теухуауэ урысяпон яп зэгурыІуэныгъэм Іэтрадзащ.

п 1890 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ артист, «Кабардинка» кьэфакІуэ ансамблым и къэзэрЩІэнкІэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик **Бэлагъы Любэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

Республикэм и щІыпІэщІыпІэхэм пшэ щытелыныщ. ЩІыпІэу махуэм градус 19 - 20, жыщым градус 23 - 25-рэ щІэнущ.

ПІлІанэпэр зыгъэхъэзырар ЖЫЛАСЭ Зауэбэмэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъылым и анэр гупсысэщ.

Гуапэ ящыхъуауэ

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетым щекІуэкІащ «Къэбэрдей-Балькъэрыр езым фІэфІу Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ ирокьу» юбилей медалхэр зыхуагъэфащэхэм етыжьным теухуа зэІущІэ.

АР ИРИГЪЭКІУЭКІАЩ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэ Минин Вячеслав. Зэхьыхьэм ирагъэблэгъащ ди щІыналъэр мамыру щытыным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным жыджэру телажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, республикэм и цІыху пэрытхэр, журналистхэр.

Минин Вячеслав кьызэрыхигъэщамкІэ, мы зэІущІэр кьызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балькъэрыр езым фІэфІу Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ ирокьу» фэепльэ медалыр етыным и ІуэхуКІэ» 2011 гъэм щыщхьэІум и 23-м КъБР-м и Президентым къыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ЕджакІуэ зэчиифІэхэр

Щ1ышылэм и 27-м Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм щекІуэкІащ «Сигма- XX щ1эныгъэ» конференцыр. Абы хэтащ еджакІуэ 400-м щІигъу.

ИЛЪЭС 20 хьауэ республикэм щекІуэкІ а щІэныгъэ конференцым и мурад нэхъыщхьэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэ ящІэ и лъабжьэу еджакІуэхэм псэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъу къэгъэхьуныгъэ, творческэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыныгъ. Конференцым и пэкІыгъэр хуэунэтІащ ныбжьыкІэ псоми естественнэ, гуманитар, технике щІэныгъэхэм нэхъ куууэ дегъэхьэхыным.

КъБР-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я щІэныгъэлІэужьхэт кьэпщытакІуэ гупыр хэлъащІ унэтІыныгъэ 40-кІэ лэжьа секцэхэм яГъэхьа кьэхутэныгъэхэм. Ныбжьыщ1эхэм я лэжьыгъэхэр купщафІэт, гъэщІэгъуэнт икІи мыхьэнэшхуэ зиІэт.

Конференцым зи лэжьыгъэр купщафІэу ятыкІащ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэлІэужьыным абы зэрыхэтам щыхьэт техьуэ тхьилъхэр ираташ. НэхъыфІу къалъфыта лэжьыгъэхэр «Ныбжьыщ1э. Щ1эныгъэ. Щ1эхабзэ.» урысейпсо эпеуэм и заочнэ Іыхьэм ирагъэхьынущ.

КІУЖ Инн.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

Іулъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыща Іуэхуэхэр зэралажьэм и ялжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуаз эмэ, сыт хуэдэ зэманкІи фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатыр зэрыхэкIыжам кьыхэкIыу хуит къэхъуа мандатыр «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм кьыхильхьа спискэм хэту хаха депутат Геккиев Заур Далхьэт и кьуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщIхьащхам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэхыныкъо и Iуэхугъэ» 2008 гъэм шыщхьIуми и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68 статьям и IыхьэI 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и спискэм хэту депутатэм я кандидату ятха ТхьэгъэлэдЖ Тимур Лалушэ и кьуэм (№62) етын.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутат Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и кьуэр тхыным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/2-5

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и спискэм хэту депутатэм я кандидату ятха ТхьэгъэлэдЖ Тимур Лалушэ и кьуэм етыным и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьащта Унафэ №22/1-5-м ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатэр хэхыным и Iуэхугъэ» 2008 гъэм шыщхьIуми и 5-м кьыдэкIа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68 статьям и IыхьэI 3-м тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и епIанэ хэхыгъуэм и депутат Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и кьуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Жабоев Виссарион Муэфар и кьуэр унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/3-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ я1э хуитныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ щэсыпIэ нэхьыщхьэхэм я Iуэхугъэ» 2002 гъэм мэкьуаугъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхугъэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №23- РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхугъэ» 2003 гъэм щышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхугъэ» 2003 гъэм щышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2 статьям, «Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр Балаев Равилъ Хьызыр и пхьум щхьэщыхьным и Iуэхугъэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьащта Унафэ №21/1-5-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Жабоев Виссарион Муэфар и кьуэр, 1977 гъэм кьалэхъуар, профессиональнэ щIэныгъэ и нэхьыщхьэ зиIэр, граждан-правовой зэгурыIуэныгъэм тету щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъэр кьызэригъэпэщу Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щылажьэр, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Урысейм и либерал-демократ парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм кьыгъэлэгъуар.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Кьардэн Татьянэ Петр и пхьур унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/4-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ я1э хуитныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ щэсыпIэ нэхьыщхьэхэм я Iуэхугъэ» 2002 гъэм мэкьуаугъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхугъэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №23- РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхугъэ» 2003 гъэм щышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2 статьям, «Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр Балаев Равилъ Хьызыр и пхьум щхьэщыхьным и Iуэхугъэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьащта Унафэ №21/1-5-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Кьардэн Татьянэ Петр и пхьур, 1957 гъэм кьалэхъуар, профессиональнэ щIэныгъэ и нэхьыщхьэ зиIэр, Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ балигъ мылъхьахэм я IуэхугъэмкIэ и кьудамэм и Iэщ1агъэлI пажэр, муниципальнэ кьулыкьущIэр, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Захуагъэ зэрыщIэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ кьыгъэлъэгъуар.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Бахьсэн муниципальнэ районым щыщ ХьэтIохьущыкъуей, Бахьсэненкэ, Кьулькьужьи Ипщэ, Жанхьуэтекьуэ, Зенкьуэ, Ислъмей, Кыщтэк, Кременчуг-Константиновскэ, Куба, Кьубэ-Тэбэ, Кьулькьужьи Ищхьэрэ, Псыхьурей, ПсыкIэху кьуажэ жылагъуэм щIыпIэ хэхакIуэ комиссэм я полномочиехэр Бахьсэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/5-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ я1э хуитныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ щэсыпIэ нэхьыщхьэхэм я Iуэхугъэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и IыхьэI 4-м, Бахьсэн муниципальнэ районым щыщ ХьэтIохьущыкъуей, Бахьсэненкэ, Кьулькьужьи Ипщэ, Жанхьуэтекьуэ, Зенкьуэ, Ислъмей, Кыщтэк, Кременчуг-Константиновскэ, Куба, Кьубэ-Тэбэ, Кьулькьужьи Ищхьэрэ, Псыхьурей, ПсыкIэху кьуажэ жылагъуэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжмкIэ я советхэм зэрызыкьыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Бахьсэн муниципальнэ районым щыщ ХьэтIохьущыкъуей, Бахьсэненкэ, Кьулькьужьи Ипщэ, Жанхьуэтекьуэ, Зенкьуэ, Ислъмей, Кыщтэк, Кременчуг-Константиновскэ, Куба, Кьубэ-Тэбэ, Кьулькьужьи Ищхьэрэ, Псыхьурей, ПсыкIэху кьуажэ жылагъуэм щIыпIэ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Бахьсэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыныжкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм зэрызэкIэлыкIуэкIэ номерэр етыным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/6-5

«Урысей Федерацэм и Президентыр зэрыхахым и Iуэхугъэ» Федеральнэ законым и 20 статьям и пункт 10-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыныжкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм №1-м кьыщегъэжьауэ №356-м нэсу зэрызэкIэлыкIуэкIэ номерхэр етын мы Унафэм и гуэдзэным эрытым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм яхуэзгъэзэн кьызэрагъэпэщ хэхыпIэ участкэхэм мы Унафэм и пункт 1-м тету номерхэр иратыну.

3. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьащта Унафэ №22/6-5-м и гуэдзэн

Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыныжкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм №1-м кьыщегъэжьауэ №356-м нэсу зэрызэкIэлыкIуэкIэ я1э номерхэр

№№	Кьалэ округхэр, муниципальнэ районхэр	ХэхыпIэ участкэхэм я бжыгъэр	ХэхыпIэ участкэхэм я номерхэр
1.	Бахьсэн муниципальнэ район	26	1-26
2.	Бахьсэн кьалэ округ	16	27-42
3.	Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и Iуэхугъэ	25	43-67
4.	Лэскэн муниципальнэ район	11	68-78
5.	Май муниципальнэ район	19	79-97
6.	Налшык кьалэ округ	102	98-199
7.	Прохладнэ муниципальнэ районым и Iуэхугъэ	33	200-232
8.	Прохладнэ кьалэ округ	21	233-253
9.	Тэрч муниципальнэ район	23	254-276
10.	Аруан муниципальнэ район	23	277-299
11.	Шэджэм муниципальнэ район	18	300-317
12.	Шэрдж муниципальнэ район	18	318-335
13.	Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым и Iуэхугъэ	21	336-356
	Псори:	**356**	**1-356**

«ХэхыныгъэмкI хабзэм фIыуэ хэзыщIыкIэр» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и курыт школхэм щеджэхэм я республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и Iуэхугъэ»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/11-5

«Хэхыныгъэмкl хабзэм фIыуэ хэзыщIыкIэр» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и курыт школхэм щеджэхэм я республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и Iуэхугъэ» 2011 гъэм мэлыжьхьым и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьищта унафэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и деж конкурсыр егъэкIуэкIыныжмкI щыIэ республикэ комиссэм итхьжа протоколым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. 11-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм яп увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 2000-р етын **Сидоренко Эдуард Олег и кьуэм** - Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Солдатскэ станицэм и курыт школ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

2. 11-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм папщIэ етIуанэ увыпIэу тIур кьахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ дэтхэнэми саугъэту сом 1500-рэ етын:

Бондарь Еленэ Сергей и кьуэм - Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Екатеринградскэ станицэм и курыт школ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм;

ПщыукI КаринэАхьмэд и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №8 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

3. 11-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм ещанэ увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 1000-р етын **Нэфынэ Мурат Заур и кьуэм** - Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Къэрэгъэлэ щхьаджэм и курыт еджапIэ №11 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

4. 10-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм яп увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту дэтхэнэми сом 2000-рэ етын **Порватовэ Светланэ Владимир и пхьум** - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №1 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

5. 10-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм папщIэ етIуанэ увыпIэр тIум яхуэзгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту дэтхэнэми сом 1500-рэ етын:

Колпак Маринэ Павел и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №4 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм;

Хейгъэн Жанпэ Валерий и пхьум - Бахьсэн кьалэ округым и курыт школ №3 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

6. 10-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм ещанэ увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 1000-р етын **БжэныкIэ Залинэ Хьэутиф и пхьум** - Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм и курыт школ №2 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

7. 8 - 9-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм папщIэ яп увыпIэу тIур яхуэзгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту дэтхэнэми сом 2000-рэ етын:

Скабелкин Дарье Андрей и пхьум - Май муниципальнэ районым щыщ Майскэ кьалэм и курыт школ №5 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм;

Тимаковэ Анастасие Руслан и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №4 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

8. 8-9-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм етIуанэ увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом1500-рэ етын **Барабаш Богдан Алексей и кьуэм** - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №6 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

9. 8 - 9-нэ классэм щIэсхэм я зэпеуэм ещанэ увыпIэр кьыщIахьауэ кьэлытытэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 1000-рэ етын.**Лу Кьантемир Аслъан и кьуэм** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Дзэлыкъуэдж кьуажэм и курыт школ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

10. Республикэ конкурсым щытекIуахэм саугъэтэхэр, дипломхэр, тыгъэхэр етынымкI Iэнатlэм хэзгъэувын ящыщ Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым и курыт школ №6 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и еджакIуэм.

11. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым бухгалтер учетымкIэ и Iэнатlэм хэзгъэувын республикэ конкурсым щытекIуахэм я дипломхэр гъэхьэзырыным, ахьшэ саугъэтэхэр етыным, тыгъэхэр кьэщэхунымрэ ахэр етыжьынымкI дауэдапщэр кьызэгъэпэщынымрэ текIуэдзнэр хэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр кьаIэтыным, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ кьыщIэзэгъэпэщэр егъэджэным 2011 гъэм хухаха ахьшэм кьыхигъэкIыну.

12. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

«Хэхыныгъэхэм ятеухуауэ псоми сыщыгъуэзэну сыхуейщ» урок, еджэгъуэ нэужь лэжьыгъэ нэхъыфI курыт еджапIэхэм щегъэжьауэкIыныжмкI егъэджакIуэхэм я республикэ конкурсым кьрикIуахэм я Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Налшык къалэ №22/10-5

«Хэхыныгъэхэм ятеухуауэ псоми сыщыгъуэзэну сыхуейщ» урок, еджэгъуэ нэужь лэжьыгъэ нэхъыфI курыт еджапIэхэм щегъэжьауэкIыныжмкI егъэджакIуэхэм я республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и Iуэхугъэ» 2011 гъэм мэлыжьхьым и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьищта унафэ №82/6-4-м, республикэ конкурсыр егъэкIуэкIыныжмкI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм итхьжа протоколым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Я1э увыпIэу тIур яхуэзгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 5000-рэ хъу саугъэтымрэ дэтхэнэми етын:

АфIэунэ Ларисэ Мухьэдин и пхьум - Тэрч муниципальнэ районым щыщ Тэрч кьалэ жылагъуэм и курыт школ №3 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Куэшпэн Мадинэ Кьанщобий и пхьум - Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Щхьэлыкьэ кьуажэм дэт курыт школ №1 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм.

2. ЕтIуанэ увыпIэу тIур яхуэзгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 4000 хъу саугъэтымрэ дэтхэнэми етын:

Рудоманенкэ Верэ Александр и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и «Гимназие №2» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Франк Наталье Николай и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №5 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм.

3. Ещанэ увыпIэу тIур яхуэзгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ сом 3000 хъу саугъэтымрэ дэтхэнэми етын:

Казаровэ Гретэ Аншот и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт школ №1 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Къумыкъу Тамарэ Хьэнэбий и пхьум - Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Лесной кьуажэм дэт курыт школ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломэмрэ зэрагъэгушхуэ саугъэтхэмрэ етын:

Вэрокьуэ Риммэ Мухьэмэд и пхьум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Дзэлыкъуэкьуажэ кьалэ жылагъуэм и курыт школ №1 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Жашуевэ Хьэуа Хьуей и пхьум - Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым щыщ Тырныауз кьалэ жылагъуэм и курыт школ №6 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Мирошенко Светлане Иван и пхьум - Май муниципальнэ районым щыщ Котляревскэ станицэм и курыт школ №8 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Мусраливэ Людмилэ Николай и пхьум - Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым щыщ Терскол кьуажэм и курыт школ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Терещенкэ Инпэ Валерий и пхьум - Прохладнэ кьалэ округым и курыт еджапIэ №4 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм;

Шапсыгъ Рэхьимэ Мухьэн и пхьум - Бахьсэн муниципальнэ районым щыщ Ислъмей кьуажэм и курыт школ №4 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и егъэджакIуэм.

5. Республикэ конкурсым щытекIуахэм саугъэтэхэр, дипломхэр, тыгъэхэр етынымкI дауэдапщэр 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м егъэкIуэкIын.

6. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым бухгалтер учетымкIэ и Iэнатlэм хэзгъэувын республикэ конкурсым щытекIуахэм я дипломхэр гъэхьэзырыным, ахьшэ саугъэтэхэр етыным, тыгъэхэр кьэщэхунымрэ ахэр етыжьынымкI дауэдапщэр кьызэгъэпэщынымрэ текIуэдзнэр хэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр кьаIэтыным, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ кьыщIэзэгъэпэщэр егъэджэным 2011 гъэм хухаха ахьшэм кьыхигъэкIыну.

7. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хэхакIуэхэм я правовой щIэныгъэхэм хэгъэхьэныр нэхьыфIу кьызэгъэпэщынымкI щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм я республикэ конкурс егъэкIуэкIыным и Iуэхугъэ» 2011 гъэм мэлыжьхьым и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьищта Унафэ №82/6-6-м, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и деж конкурсыр егъэкIуэкIыныжмкI щыIэ комиссэм итхьжа протоколым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:

1. Я1э увыпIэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 8000-рэ етын «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэзбахьуэ Т. Кьу. и цIэр зезыхьэ и кьэрал лъэпкъ библиотекэ» кьэрал щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм.

2. ЕтIуанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 6000-рэ етын Прохладнэ муниципальнэ районым и «Маяковский В. и цIэр зезыхьэ жылагъуэ зэхуакъ библиотекэ» муниципальнэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм.

3. Ещанэ увыпIэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ саугъэту сом 4000-рэ етын Май муниципальнэ районым «Майскэ кьалэм и библиотекэ» нэхьыщхьэ» муниципальнэ кIэлэнэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм.

4. Республикэ конкурсым зэрыхэтам папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и дипломымрэ етын:

Май муниципальнэ районым и «ЩэнхабзэмкI Октябрьскэ кьуажэм и унэ» муниципальнэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм;

Май муниципальнэ районым щыщ Майскэ кьалэм и «Урысей» щэнхабзэ унэ» муниципальнэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм.

5. Республикэ конкурсым щытекIуахэм саугъэтэхэр, дипломхэр, тыгъэхэр етынымкI дауэдапщэр 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м егъэкIуэкIын.

6. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым бухгалтер учетымкIэ и Iэнатlэм хэзгъэувын республикэ конкурсым щытекIуахэм я дипломхэр гъэхьэзырыным, ахьшэ саугъэтэхэр етыным, тыгъэхэр кьэщэхунымрэ ахэр етыжьынымкI дауэдапщэр кьызэгъэпэщынымрэ текIуэдзнэр хэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр кьаIэтыным, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ кьыщIэзэгъэпэщэр егъэджэным 2011 гъэм хухаха ахьшэм кьыхигъэкIыну.

7. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и
ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

● Адыгэ цIэрыIуэхэр

Итъэс куэд хъуауэ зэныбжьэгъущ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу СССР-м, Урысей Федерацэм я цIыхубэ артист, Кьэрал саугъэтхэм я лауреат, дирижер щэджащэ Темыркъан Юрэрэ Иорданием щыщ тхакIуэ, режиссер, продюсер цIэрыIуэ Кьандур Мухьэдинрэ.

Сурэтыр **Щомахуэ Владимир** *трихащ. 1997 гъэ*

Нобэ ди еджапІэхэм адыгэ литературэм, бзэм, тхыдэм я тхылэр щыпсаджхэр, сыгъаджэхэри яхуту, а псом щымыгъуазэжІи хъунущ. Зыныжьыа литературэ, лъагэу зызыІэта филологие щІэныгъэ, изухыщІыхьарыщ - щІэныгъэлІ гъэзэджхэр зэрыдиІэм, адыгэ Іуэхум тещІыхьа тхылъхэр зэпымыууэ кьыхэрылажьэкІи къыщфІагъэшІ Іуэхур сыт щыгъуи апхуэдэу зэпещІэр зэкІужу кьекІуэкІаУ.

ДЭ ДИ НЫБЖЬ итхэр школым щыщІэтІысхьам къбэрдей литературэм и Іуэхуабжьу нэщІ-ущІат, кьебзэжІанебзэкІат. Иджы курс щхьэхуэу ядж XIX лЭщІыгъуэм и адыгэ литературэр щІыпІ-щыщыІам щыгъуазэр зыІыгъ. Іам щыгъуазэр зырызыхХэт. Кьаз-Джэрий, Хъан-Джэрий, КІашэ Адэлджэрий сыми, абыхэм яклэлыкІу Іуэрыгъ гупри пщыуэрькъэм ящыщу, гъэпщыпІакІуэжу, пащтыкьхэм я щу гъуэгъэуэ щытахэу, ауэ щыхьэкІэ, щэнхабзэм, тхыдэм пщІэ гуэр щаІэу кьэлытэн хуэмейуэ ягъэувати, я цІэ кьудей кьипІуэну дзыхьщІыгъуэджэт. Нэгумэ Шорэ дыдэри абыхэм хабжати, куэдрэ екІуэжІащ, уэрхьэн, сытти, жаІэурэ, Іумпэм ящІу. Хэку зауэшхуэм и эманым идеологие лэжьыгъэр нэгъуэщІу эгъгагъапсэу щІадза нэужьщ Шорэ «кьыщинъэхэжар», езым и лъэпкым и уэзщІакІуэу кьыщалытэжар. Мыдрей гупу, революцэм и уэкьІэ кьызэщІэрыуэу 20 - 30 гъэхэм политикэ репрессием ихьыжьажэм, «кьагъэзэжьмыпІ» иджыри Іэджэ иЭт.

Арами, Тхъэм и пшьыкъгІэ, гур хэзыгъаХуэ тхыгъэхэри щыгъэрахьэрт школхэм - псом ящэ Щоджэнщ1ыкІу Алий и Іэдакъэщ1экІэр. УсакІуэм и биографиер щрагъэджкІэ нэхъ тращыуэрт ар «духовная семинария» жаІэу Бахьсэн дэта еджапІэм къыщІадзыжаУэ зэрыщытам, абы и егъэджакІуэ Щоджэнщ1ыкІу Нурий и гъащІэр иджы «детектив» жьыхуаІэхэм ещхь гуэрти - гъэщІэгъуэн дыдэ кьытщыхьэрт. Хуабжьу дриз1эгупрт мо щІыху хьэлэмэтхэм апхуэдэ лей зэрырахам.

Дэнэ къуажэ щеджэхэри инэзэгуэн хьунт абы. Ауэ Іэ усакІуэмэрэ абы и Іуэгъэзыкрэ я зэхущытыкІар, я Іуэху кьызэрекІуэКІар ди гум нэхъ щІежэлІэн щхьэусыгъуэ щыІэт. Ди школым и пащхьэ дыдэм кьитт пасэм адыгэхэм псэупІэ зэрыхатІэу щытам хуэдэу (и гупэр кьаблэмкІэ гъэзаУ, дыгъэм и кьекІуэкІыкІэм тещІыхьауэ, ТэкІуи хуэбгъунжу), ягъэува унэ кІыхьыр. Кьуажэр 30 гъэхэм «планировкэ» ящІу, зэрамехэр занщІэу щаукъуэдийм, хьэблэхэр зэпэплІимэу щагъэтІысым, мо унэжьыр хадэкум кьина хьуати, зэрамыбгъум фІыуэ пІыдзат, аУэ абыкІэ демыпІэжьІыу дыблэкІыртэкъым. Дауи дыблэкІынт - ар Тыркум кьыжьу ди кьуажэм, Дыгулыбгъуей, кьыдэтІысхьэжа, апхуэдизу зи хьыбар гъэщІэгъуэн дыщІагъэдэІу ЦІагъуэ Нурий и унэу щытарт. «ЦІагъуэм и университет» зыфІаща еджапІэри арат зыхэтар. Мис а унэжьыр Бахьсэн еджапІэм кьыщІадзыжа ЩоджэнщІыкІу Алий щІалэщІэр Кушмэзыкъуей (иджы Бахьсэн кьалэм и ищхьэрэ лъэныкъуэрэщ) нэх лъэужькІыкІыурэ щІэныгъэгъуазэ кьыздэкІуэр.

Дыщыщ1ыкІу льандэрэ Іэджэ зэхэтхырт ЦІагъуэм екъэІаУэ. Тельыджэ дыдэхэри яхэтт абы и хьыбархэм. ТкІэмкІэ ульэпхъэщэн зэрыщІэздзэрэ, си нэр кьинкІыарт ахэр стхыжьмиУ. ИужькІэ зыгъэрхэри кьеззгъажат езы щІэныгъэлІми, абы и гъэсэн ЩоджэнщІыкІуми ягъэхуауэ. А темэ гуГъущэм дэнэкІэ сыкъыщемыкІуалІэми, тегъэщІапІэ пщІын тхылъ, документ сыт хуэдэхэр зэрызимыІэм силъахьэрт. Куэдрэ сигу илъхьэрт апхуэдэу щыІэр зэхуэсхьэсыну. Нэхъ сызыщІхьэнсри ди Іэ нэхъ зыхуэкІэщІырт, и щІэр зэхэтх мыхьымэ, нэкІэ дызытемыплъа «Гъуазэ» газетырт.

Ди тхыбзэм, щэнхабзэм я тхыдэм теухуа тхылъ ящыныкъуэхэм ирагъэтІ Тыркум щыпсэу адыгэхэм апхуэдэ газет адыгэбзэкІэ Истамбыл кьыщыдагъэкІыу щытауэ, ар кьыдэзыгъэкІауэ яІуатэри ЦІагъуэрт. АтІэ, яІуатэ мыхьымэ, нэгъуэщІ зыри хащІыкІыргэкъым, езы газетраши, уэри щІыпІ гъэз, бгъуэтынугэкъым. Адыгэ тхыбзэр, журналистикэр, литературэр кьызэрежьар бджын папщІэ, сэ сызэрепІлъымкІэ, а гъэзетыр Іэмал имыІэу уиЕн хуейт. Езы Нурий и гъащІэмрэ и лжьыгъэмрэ уатетхыхьнуми - арат, абдежт кьыщыщІэдапхэр.

Ди хэкуми кьэсу, мыбыи щызэрахьэу щытат «ГъуазэР». Ар ящІэжьырт хьэрыпыбзэкІэ еджа нэхъыжьхэм. ЯщІэж щхьэкІэ, абыкІэ загъэІуЦэну яфІэфІтэкъым. Октябрь революцэм и пэкІэ адыгэбзэкІэ тхылъ, газет, журнал хуэду гуэрэхэр кьыдэкІами, совет властым и пэ ильэсхэм дунейм тращэкъэбзыкІат, псом хуэмыдэу хьэрып хьэрфкІэ тедзаэр, мусЛыжэм диным и хуэмэбжьымэ ядальытахэр. Абыхэм ирилажьэу, ахэр зеныхъэу щытахэри «буржуазнэ националист» фІащурэ, ягъэтІысхьэт, ауэ кІахэт. КъелаІами, моПхуэдэ тхылъ, газет зэрахьэу кьаШэмэ, зэхэзехуэн ящІынути, езыхэм ягъэсыжьхэт, закъыотІакъуэ дыдэ дурэш-пІЭрэш дзэрыхьамэ нэхъ къэмынэу. Мис арат зи гугъу щІа нэхъыжь гупым хэЛУ щІыЦущэ защІыну щІаФІэмыфІыр - блэ зэуар аркъэмки щыщтэркъэ!

ЩоджэнщІыкІу Алий щыгъуэ и цІэ куэдрэ фІыкІэ къраІуэ щхьэкІэ, езы Нурий техуэауэ зы тхыгъэ щхьэхуи щыІакъым, Шортэн Аскэрбий и статья кІэщІ 1968 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым къытехуэху. Дэ ди очеркхэм я чэзур къэсыхуи, а зы закъэрщ щІэныгъэлІ Гъуэзэдзкэм, журналистым, тхакІуэм и гъащІэмрэ и лжьыгъэмрэ зы гъунэ гъэрхуридзэу дунейм къытехьар. Тхыгъэм Аскэрбий кьыщигъэльэгъуат езыр щылажьэ щІэныгъэхуэгъ институтым и архивым «ГъуазэМ» и зы номер закъуэ щахъуэму. Зыми Іуэху ищІу кьеджауэ кьыщІэкІынмэ тэкъым абы. Ар хэти хуэфІэкІынут сытми, газетыр зэрытедзэ ализфбейр, и бзэр яп кьэсым ищІэу щыщымыктІэ, ар кьызыфІэІуэхуци щыщымыІэкІэ! Сэ сыдэу си фІэщт «ГъуазэМ и Іуэхур къэрал Іуэху щІын, абы и кьыдэкІыгъуэ псори зэхуэхьэсыжауэ, и ализфбейри, и бзэри зыщІэ гуп егъэтІысылІауэ, джын хуейуэ. ДышколаджІуэу, «Нурий и унэжьым» (арат «ЦІагъуэм и университетым» фІэщыгъэпІэу кьыхуэнэжар) дыблэкІыху, сигу ихьыжьа ЩоджэнщІыкІуми ягъэуауэ. А темэ гуГъущэм дэнэкІэ сыкъыщемыкІуалІэми, тегъэщІапІэ пщІын тхылъ, документ сыт хуэдэхэр зэрызимыІэм силъахьэрт. Куэдрэ сигу илъхьэрт апхуэдэу щыІэр зэхуэсхьэсыну. Нэхъ сызыщІхьэнсри ди Іэ нэхъ зыхуэкІэщІырт, и щІэр зэхэтх мыхьымэ, нэкІэ дызытемыплъа «ГъуазэР» газетырт.

Ди тхыбзэм, щэнхабзэм я тхыдэм теухуа тхылъ ящыныкъуэхэм ирагъэтІ Тыркум щыпсэу адыгэхэм апхуэдэ газет адыгэбзэкІэ Истамбыл кьыщыдагъэкІыу щытауэ, ар кьыдэзыгъэкІауэ яІуатэри ЦІагъуэрт. АтІэ, яІуатэ мыхьымэ, нэгъуэщІ зыри хащІыкІыргэкъым, езы газетраши, уэри щІыпІ гъэз, бгъуэтынугэкъым. Адыгэ тхыбзэр, журналистикэр, литературэр кьызэрежьар бджын папщІэ, сэ сызэрепІлъымкІэ, а газетыр Іэмал имыІэу уиЕн хуейт. Езы Нурий и гъащІэмрэ и лжьыгъэмрэ уатетхыхьнуми - арат, абдежт кьыщыщІэдапхэр.

Ди хэкуми кьэсу, мыбыи щызэрахьэу щытат «ГъуазэР». Ар ящІэжьырт хьэрыпыбзэкІэ еджа нэхъыжьхэм. ЯщІэж щхьэкІэ, абыкІэ загъэІуЦэну яфІэфІтэкъым. Октябрь революцэм и пэкІэ адыгэбзэкІэ тхылъ, газет, журнал хуэду гуэрэхэр кьыдэкІами, совет властым и пэ ильэсхэм дунейм тращэкъэбзыкІат, псом хуэмыдэу хьэрып хьэрфкІэ тедзаэр, мусЛыжэм диным и хуэмэбжьымэ ядальытахэр. Абыхэм ирилажьэу, ахэр зеныхъэу щытахэри «буржуазнэ националист» фІащурэ, ягъэтІысхьэт, ауэ кІахэт. КъелаІами, моПхуэдэ тхылъ, газет зэрахьэу кьаШэмэ, зэхэзехуэн ящІынути, езыхэм ягъэсыжьхэт, закъыотІакъуэ дыдэ дурэш-пІЭрэш дзэрыхьамэ нэхъ къэмынэу. Мис арат зи гугъу щІа нэхъыжь гупым хэЛУ щІыЦущэ защІыну щІаФІэмыфІыр - блэ зэуар аркъэмки щыщтэркъэ!

ЩоджэнщІыкІу Алий щыгъуэ и цІэ куэдрэ фІыкІэ къраІуэ щхьэкІэ, езы Нурий техуэауэ зы тхыгъэ щхьэхуи щыІакъым, Шортэн Аскэрбий и статья кІэщІ 1968 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым къытехуэху. Дэ ди очеркхэм я чэзур къэсыхуи, а зы закъэрщ щІэныгъэлІ Гъуэзэдзкэм, журналистым, тхакІуэм и гъащІэмрэ и лжьыгъэмрэ зы гъунэ гъэрхуридзэу дунейм къытехьар. Тхыгъэм Аскэрбий кьыщигъэльэгъуат езыр щылажьэ щІэныгъэхуэгъ институтым и архивым «ГъуазэМ» и зы номер закъуэ щахъуэму. Зыми Іуэху ищІу кьеджауэ кьыщІэкІынмэ тэкъым абы. Ар хэти хуэфІэкІынут сытми, газетыр зэрытедзэ ализфбейр, и бзэр яп кьэсым ищІэу щыщымыктІэ, ар кьызыфІэІуэхуци щыщымыІэкІэ! Сэ сыдэу си фІэщт «ГъуазэМ и Іуэхур къэрал Іуэху щІын, абы и кьыдэкІыгъуэ псори зэхуэхьэсыжауэ, и ализфбейри, и бзэри зыщІэ гуп егъэтІысылІауэ, джын хуейуэ. ДышколаджІуэу, «Нурий и унэжьым» (арат «ЦІагъуэм и университетым» фІэщыгъэпІэу кьыхуэнэжар) дыблэкІыху, сигу ихьыжьа ЩоджэнщІыкІуми ягъэуауэ. А темэ гуГъущэм дэнэкІэ сыкъыщемыкІуалІэми, тегъэщІапІэ пщІын тхылъ, документ сыт хуэдэхэр зэрызимыІэм силъахьэрт. Куэдрэ сигу илъхьэрт апхуэдэу щыІэр зэхуэсхьэсыну. Нэхъ сызыщІхьэнсри ди Іэ нэхъ зыхуэкІэщІырт, и щІэр зэхэтх мыхьымэ, нэкІэ дызытемыплъа «ГъуазэР» газетырт.

Мыр кьыхэзымыгъэщу хъунукъым.

Сэ «Хэку» обществом (Хамэ къраІ и ди хэкуэгъуэм щэнхабзэ пщІэныгъэ яхуди Іэнныкі Совет обществэм) и кьудамэу Кьбэрдей-Балъкъэрым щыІэм сызэрыщІэжьам щхьэкІэ куэдым кьащхьу а зэманым (1968, 1971 гъэхэм) Сирием, Ливаным, Иорданием, Тыркум къэралым и хьэкъкІэ сыкІуауэ, щэнхабзэм и фэеплъ абы кьыщытлыныхъуами, ди хэкуэгъуэр нэхъ зэгъэщІыхуным хуэзэнэтІа лжьыгъэ гуэрхэр едгъэкІуэжІами - а псори нэхъыщхьэкІэ щІэрыпІ сщащІауэ, абы пэкІуэу хьугъуэфІыгъуи кьызагъэлъэпхьыжу щытауэ.

Япрауэ, «Хэку» обществом и гъажэмкІэ щыщІэздзар 1977 гъэрщ, модрейхэм кьызыгъуКІуэрт сыкІуауэ арат. ЕтІуанэрауэ, дызэрыкІуари дыкьызэрыкІуэжари дэ ди ахьиэщ, зы къраІ Іуэхущ1апІи апхуэдэм иригъэзвацэу дэ абы щыгъуэ диІакъым. Псори дэ езым кьалэн зыщІтщІыжьауэ, кьэтлъыхьауэ, хэкэ адыгэхэми, дитур абыхэм зэрахуэпабгъэм кьыжьэКІыу, даІущІэу щытауэ аращ.

Ари тынш дыдэу екІуэжІыртэкъым.

Дызыхэт турист гупхэр ди республикэм щызэхьыхьэхэм, щызэхащэхэм хуэмыдэу, Москва щызэхуашэхэу арат, къэралым и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм кьинкІахэу. Ди унафэщІхэри дэ тщІыщтэкъыми, зэпымыууэ ицальэмэхэм дыхэтт, дыщызэщыхьапи кІэхъуэу. Турист гупхэм щхьэ и программэ яІэжти, абы тетхэт. Дэ я программэри дгъэзащІэурэ, е абы зыкьыдэдгъахуэурэ, ди хэкуэгъуэхми даІущІэн хуейт. Хабзэр арати, зы сыхьэт ныкъуэкІэ хьэщІэщым укьыщІэкІынумэ, гупым и унафэщІым хэтт зыкІэгъэщІын хуейт.

ЗэгъащІэсмигъэхэр къэзышІэхэм яящІущт гуп унафэщІхэми, езы гупым хэт туристхэми а къралхэм ди Іэпкьлъэгу куэдгъэрисым, ахэр абы кьыз1ыщыхута щІыкІэм хьырщ зэрыхамыщІыкІыр. Зыгъэрхэр зэхахат «Белая эмиграция» (революцэм и ужькІэ совет власти къамыщІэу зэхкум икІыжахэр) жьыхуаІэхэм, «власовщхэм» (Хэку зауэшхуэм и зэманым и мыпхъэм ягуХьэу, нужькІэ хамэ къэралхэм кьинахэм) ятеухуауи, мо дэ дызыгъэзэхри абыхэм ящыщу къафІэщІырт, «антисоветкэ зеленмтхэм» ЕплІэешэкІкІэ дахэту ягъэІуРт. Хуабжьу шынэхэрт: зыгъэркІэ дэ абыхэм дахьхьжатэмэ (турист гупхэм яхэкІуэскІыуРэ, мыбыикІа цІыхухэр капиталист къэралхэм кьыщыІэ къэхъуРт), турист унафэщІхэм я щІэр ябыдыныт къэралым кьызэрагъэззэкъ, я кьулыкъым трахунут.

Турист гупхэмк «зэман хуит» щІэ махуэхэри хэтт графикми, апхуэдэхэм дежь псори эзбгрыкхэрт - хэт бзэр, хэт тыкуэн. Ди къэралым псори «щыдефициТ» зыхуеин гуэр кьызэращхуэн нужь итт, «факьыРэ ахъп» тІэкІу здахьам тещІыхьауэ. Дэ апхуэдэ зэманыр кьэдгъэсэбэпырти, ди ныбжьэгъущІэхэм я деж дыкІуэрт. ДыщІэкІуэни щыІэт - езыхэр ткІэрымыкІыу ди укьым итхэт, хьэщІщ бжэІупэм щызэхэтхэт, зыщІыпІэ дыкІуамэ, кьэдгъэззжьхуу кьыдджьэу.

АтІэ, мис а ныбжьэгъущІэхэрт «ГъуазэМ» и лъэужь гуэр дытращэну сызыщыгугъыр. Абыхэм яхэтт студентхэр, кьулыкъущІи, дзэм и офицери, егъэджакІуи, бизнес Іуэхум пыщІахэри, дин зэжьакІуэхри, нэгъуэщІхэри. Ауэ зыри кьахэкІатэкъым «ГъуазэМ» и хьыбар зэхихауэ. Кавказым икІахэм кьыдагъэкІ (тыркубзэкІэ) газет, журналхэ нэхъ зи цІэ кьраІуэфІыр мис а «Белая эмиграция» хьужьэмрэ «власовщхэм» ящыщІахэмрэ я ІэдакъэщІэкІэхэрт.

Абыхэм зыкІи ещхьтэкъым куэд мыщІауэ Истамбыл кьыщыдзкІ «Кьамшы» газетымрэ ар кьыдэзыгъэкІ щІалэ гупымрэ. Мыхэр нэсауэ льэпкь патриотхэт, гу кьабзэхэт, зэ адэкІэ, зэ мыдзкІэ еутэкІ политикэм зыдрамыгъэхьэхыу, льэпкъым и сэбэп зыхэлъ кьаІыхьэрт. А гупым и пащтэ «Кьамшым» и редактор, исЛъам институтым и студент Хьуажь Фахьри.

Адыгэ щІалищт Налшык щыщу турист гупым хэтыр. ЩомахуэТ СультІан (усакІуэ Щомахуэ Амырхан и кьуэт, пасэу дгъенейм ехьажащ тхьэмыщкІэр), «Университетская жизнь» газетым и редактор, «Хэку» обществэм и президиумым хэт ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, ещанэр сэрат, абы щыгъуэ «Советская молодежь» газетым сыщылажьэрт. Щомахуэм и тхылъхэм зэритымкІэ, ар Налшык дэт заводхэм ящыщ зым и инженерт, ауэ ягъэ КГБ-м щылажьэ капитант. Ар зыми ищІэртэкъым, Мухьэмэдэ сэрэ нэмыщІ. Хабзэу кьекІуэкІыр арати - хамэ къэралкІэ туристгуп е делегацэ кьэсе апхуэдэ лжьакІуэ щхьэу хэтт. Я кьаІэныр гурыІуэгъуэт. КГБ-м и капитаным дэ кьыддиІыгъуэу итхьжар Тхъэм ещІэ, ауэ ар дэ зэрытщыщым и сэбэп кьыдэкІащ а гъуэгуанэм. Абы дыкьыкьуэгущхуэкІыурэ, гупым и унафэщІыр кьызэрытхуэхьуЩІэр кьиддзащэртэкъым.

Нобэ Тыркум щыхуейм деж кІуэуэ, щыхуейм кьэкІуэжу Іуэхэм, Истамбыл жьыхуэпІэ щалъэ жаІатэкъым, Гусарри яхэту. ЗэІуущэр щихьым, д эдыдыгъэдашащ. Адыгэбзэ ищІэртэкъым, Фахьри дэ тэрмэшу дызэпсэльащ. Апхуэдэу бзэр мышІэжу, ауэ адыгэ патриотхэу кудым дарихьэлІэрти, ар дгъэщІэгъуэщакъым. Нобэр кьыздэсым кьысфІощІыж Уасфин щыхьгъэ зэрытхэуЗуа ижуж, тІэкІу фІы щыгъэжаг. ЦІагъуэ Нурий дэлъэкьауэ, ищІыхуу щытауэ кьыщІэкІати, ар сэ си кьуажэгъуу, абы щхьэкІэ зэпэщІэтт, зым и псэукІэр адрейм игъэпуду. «Антисоветскэ пропагандэ» жьыхуаІэкІэр щыгъуз ящыщ щыета дедгъэкІэрадгъэм ящыщт Тыркур. Совет Союзым и псэукІэр критикэ зэращым лъабжьэ гуэрхэр и Іэу щытами, щІыуэ кьыттратхьхэр и нэхъыбэрт.

Гъэщ1эгъуэнращи, а дызэрадыри щыщІаубри куэдым псэ щыдыдэу кьащыхьурт. Сэ си щхьэкІэ срихьэлІат «колхоз» жьыхуаІэр зэрыщыту зы щхьэкІэ срихьэлІат «колхоз» жьыхуаІэр зэрыщыту зы щхьэкІэ срихьэлІат «колхоз» жьыхуаІэр зэрыщыту зы мыбы щагъэІуР, зэрыдІэжьынмэ хуэдэу, зи фІэщ хьуХэм. Мис ахэр зыгъэІуХэм зэнщІэу я напІэгъэкІыу ф зраппар зэнщІу щІыхьэпІэ щыкьуХэр кьитрифэзыуат. Нэгъуэщ1 ираф гуэр мыпхуэдэ тыку адыгэ унагъуэхэм кьыщІпхуащтэну ущІугъгъынщ щхьэгъэщІэжщ. Ауэ льэкьым ликер1эфІ гуэр кьищтэри, рюмкэ цІыкІунитІэхэм кьытхуритхьхуат. Ари кьызыхэкІар щІэрыпІ ящІу, нэщІэжщІэр щІэрыпІ. Папкэр пІащт, хьэпъэт. Ар пхъуантэм дэпъу кьесхьэкІыртри, си Іэр хуабжьу иришхьырт. Ауэ къэІэтыкъу, сэ кьыкфІэщІырт дуней ЗыпэщІын темыт, фІыгъуэ мылъытэ зыпыщІа тельыджэ гуэр хэкум кьыздэсщэу. Япэ зизъэщу кьыхэзгъэщынщи, ар апхуэдэу кьызыщыхъун хуэдыщэ имысу кьыщІэкІащ езы хэкум. Илъэс 40 дэкІам сриплъэжу, быдзу жьыІэфынущи, гуныкъуэгъуэу кьыхэсхар нэхьыбощ а Іуэхум.

Кьайтэхэм кьыщІадзат Шереметьево аэропортым дыкъыІэрыщетІысэхьжу. Мыпхуэдэхэм деж, арыншами, куэдг упгу хэзыгъэщІыр. Хамэ кьэрал щІыхуу дзыхь зыхуамыщІым хуэдэу, уэ езым уи хэкум укьихьэжьын хуей зэрыхьым и закъуи пхурикъунти! Кьэрал гъунапкъэр зыхьмэхэр, таможнэм щылажьэхэр хэкум Іэщэ кьрахьэным нэхър нэхъ лейуэ жьыПэну, хуэсакьырт СССР-м кьращэну хуит ямыщІ литературэм. Нэхъ зыхуэпъэдыдэхэм ящыщт диным пыщІа тхылъхэр. Си пхъуантэр кьызэтрыгъэзгъэхри - тхылъ, газет, журналхэт дэлъыр, и ныкъуэр латин хьэрфкІэ, и ныкъуэр зэрыпкІэ тедзаэ. Псори кьыдызагъэхри, щхьэхуэу яГъэІыпІащ. Ахэр зиПІысыр кьеблагъэкІыу щІэздат, арщхьэкІэ таможенникыр, кьызэмыдэІуащэу, и дэЗпыкъуэгъуу абдеж щыт щІыхуБзыр зыщІыпІэ игъэХуащ, нэгъуэщІ зы «таможенник» кьыІухьэри (нэхъыщхьэ) хуэнт), тхылъхэр зэпиплъыхьащ, «Гъуазэр» зыдэпъ папкэр кьызэтридзри, «Коран какой-то», -жиІащ. Езыхэр зэпсалъэу увыжахэщ, кьиБгъуа къэзыщыт кьыкъэхауэ, ирашІэнур кьыыыхуэмыщІэ гуэрым зэрепІлъым хуэдэу, си деж кІэ кьепІлъэкІыуэр.

АпщІондэху ди гъуса псомия къэнщІэтэныгъэр зэфІэкІри, кьаІэм дызэрыкІуэжьну автобусым итІысхьэжахэщ, дэр щхьэкІэ зэрыгъвэм иригъэмэтІымэхэу, нэхъ гъунэгъу кьытхуэхуахэм зэрыжаІэжажьКІэ, хьиЙм икІыпэр ди унафэщІырт, щхьадэ щхьэкІэ, тобэ ирехьу, гуфІэ хьунт, «хуэзахэ мис иджы» жиЕу. Сэрат нэхъ «хуэзари», литературэр страхьу, ар ахт ящІу, Іэ трызагъэдэжу сыкьаутПыщІыжынырт си деж1э хэкІыпІэ нэхъыфІу иЕр, абы щыгъуи сыкьигъанэу автобусыр екІэжу. Зэман мащІи нухьит абы! Кьалэм сыкІуэжьнри, хьэщІщ кьэгъэуэтынри кьысІэпщІыу, ари жэщ зэкІуэтам. Зы гуГапІэ щыІэт, Тхъэм и шыкуркІэ, - СультІан. КьапІэуэ щытт, льэныкъуэкІэ щиувыкІауэ. Зыри зэрыжимыІэм тэкІуи зыкьигъэгубкъауэ, седжащ: «Уа, адбеж ущыуэту, зыгуэр яжеІэ мыбыхэм!». СультІан, тхъэмыщкІэ, Тхъэм и хьэдрыхэ фІы ящІ, фІэмафІыщэрэ, таможнэм зал ниым иБгъуэкІэ хэль бжэ цІыкІу гуэрым щІыхьащ (ара хьунт абы и коллегэхэм мыбы щаІэ хэщІапІэр). Куэд дэмыкІыу, абыкІэ ирадджащ «Коран какой-то» жьызыІар. Абы кьигъэзэжри, мыдрейхэм унафэ яхуищІащ: «ЛИ-тературу пропускаем!» Апхуэдэурэ, сытми, Налшык кьэсащ тхылъэри газетэри.

Истамбыл университетым и профессор, дэри хуабжьу дыкъэзыгъэхьэщІауэ щыта Думэныщ Хъейрийт. Папкэр пІащэт, хьэпъэт. Ар пхъуантэм дэпъу кьесхьэкІыртри, си Іэр хуабжьу иришхьырт. Ауэ къэІэтыкъу, сэ кьыкфІэщІырт дунейм зыпэщІын темыт, фІыгъуэ мылъытэ зыпыщІа тельыджэ гуэр хэкум кьыздэсщэу. Япэ зизъэщу кьыхэзгъэщынщи, ар апхуэдэу кьызыщыхъун хуэдыщэ имысу кьыщІэкІащ езы хэкум. Илъэс 40 дэкІам сриплъэжу, быдзу жьыІэфынущи, гуныкъуэгъуэу кьыхэсхар нэхьыбощ а Іуэхум.

Кьайтэхэм кьыщІадзат Шереметьево аэропортым дыкъыІэрыщетІысэхьжу. Мыпхуэдэхэм деж, арыншами, куэдг упгу хэзыгъэщІыр. Хамэ кьэрал щІыхуу дзыхь зыхуамыщІым хуэдэу, уэ езым уи хэкум укьихьэжьын хуей зэрыхьым и закъуи пхурикъунти! Кьэрал гъунапкъэр зыхьмэхэр, таможнэм щылажьэхэр хэкум Іэщэ кьрахьэным нэхър нэхъ лейуэ жьыПэну, хуэсакьырт СССР-м кьращэну хуит ямыщІ литературэм. Нэхъ зыхуэпъэдыдэхэм ящыщт диным пыщІа тхылъхэр. Си пхъуантэр кьызэтрыгъэзгъэхри - тхылъ, газет, журналхэт дэлъыр, и ныкъуэр латин хьэрфкІэ, и ныкъуэр зэрыпкІэ тедзаэ. Псори кьыдызагъэхри, щхьэхуэу яГъэІыпІащ. Ахэр зиПІысыр кьеблагъэкІыу щІэздат, арщхьэкІэ таможенникыр, кьызэмыдэІуащэу, и дэЗпыкъуэгъуу абдеж щыт щІыхуБзыр зыщІыпІэ игъэХуащ, нэгъуэщІ зы «таможенник» кьыІухьэри (нэхъыщхьэ) хуэнт), тхылъхэр зэпиплъыхьащ, «Гъуазэр» зыдэпъ папкэр кьызэтридзри, «Коран какой-то», -жиІащ. Езыхэр зэпсалъэу увыжахэщ, кьиБгъуа къэзыщыт кьыкъэхауэ, ирашІэнур кьыыыхуэмыщІэ гуэрым зэрепІлъым хуэдэу, си деж1э кьепІлъэкІыуэр.

АпщІондэху ди гъуса псомия къэнщІэтэныгъэр зэфІэкІри, кьаІэм дызэрыкІуэжьну автобусым итІысхьэжахэщ, дэр щхьэкІэ зэрыгъвэм иригъэмэтІымэхэу, нэхъ гъунэгъу кьытхуэхуахэм зэрыжаІэжажьКІэ, хьиЙм икІыпэр ди унафэщІырт, щхьадэ щхьэкІэ, тобэ ирехьу, гуфІэ хьунт, «хуэзахэ мис иджы» жиЕу. Сэрат нэхъ «хуэзари», литературэр страхьу, ар ахт ящІу, Іэ трызагъэдэжу сыкьаутПыщІыжынырт си деж1э хэкІыпІэ нэхъыфІу иЕр, абы щыгъуи сыкьигъанэу автобусыр екІэжу. Зэман мащІи нухьит абы! Кьалэм сыкІуэжьнри, хьэщІщ кьэгъэуэтынри кьысІэпщІыу, ари жэщ зэкІуэтам. Зы гуГапІэ щыІэт, Тхъэм и шыкуркІэ, - СультІан. КьапІэуэ щытт, льэныкъуэкІэ щиувыкІауэ. Зыри зэрыжимыІэм тэкІуи зыкьигъэгубкъауэ, седжащ: «Уа, адбеж ущыуэту, зыгуэр яжеІэ мыбыхэм!». СультІан, тхъэмыщкІэ, Тхъэм и хьэдрыхэ фІы ящІ, фІэмафІыщэрэ, таможнэм зал ниым иБгъуэкІэ хэль бжэ цІыкІу гуэрым щІыхьащ (ара хьунт абы и коллегэхэм мыбы щаІэ хэщІапІэр). Куэд дэмыкІыу, абыкІэ ирадджащ «Коран какой-то» жьызыІар. Абы кьигъэзэжри, мыдрейхэм унафэ яхуищІащ: «ЛИ-тературу пропускаем!» Апхуэдэурэ, сытми, Налшык кьэсащ тхылъэри газетэри.

Къаз-Дзэрий

Хъан-Дзэрий

КІашэ Адэлджэрий

Щоджэнщ1ыкІу Алий

ЦІагъуэ Нурий

ГъукІэмыхьу Іэбубчыр

КхъуэІуфэ Хьэчим, Щомахуэ СультІан, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сымэ.
Анкара къалэ. 1971 гъэ, мэзыкьыхьым и 13.
Сурэтыр **Дзэрыджэ Сэлэхьеттин** *трихащ.*

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

●Ди нэхъыжьыфIхэр

Джэзэ и гъащIэ купщIафIэр

Мы махуэхэм и ныбжьыр ильэси 100 ирокъу адыгэ бзыльхугъэм, лъэпкым и пщIэмрэ унагъуэм и нэмысымрэ хьуэжьын я щапхъэу къэплъытэ хьуну Уэлджыр Джэзэ Хьэмзэт и пхъур. Молэхэ я унагъуэшхэм кьыхэкIа адыгэ хабзэр и гъащIэ гъуазэу мэпсэу, кьыщIэхьуэ щIэблэри абы хуиущийуэ.

ДЖЭЗЭ ноби бгъэдэльщ акыыл жанрэ гупсысэ щэщIарэ. Иджыпсей псэукIэм, зэхэтыкIэм тепсэльыхьу, абы жеIэ ди льэпкыкым кьыдекIуэкIыу щыта хабзэхэм, хьэл-щэным щыщ куэд Iэщыщ зэрыхьуар.

- Апхуэдэ фIыгъуэхэм ящыщу гущIэгъур, зэхэщыкIыр, гуапагъэр. Сэ си гъащIэ гъуэгур кьыпльыщэжьм ящыщу кьызольытэ ди унагъуэм илъ нэмысымрэ пщIэмрэ, - жеIэ Джэзэ. - Сабийр гугъуехым щIэпкIын хуеиц. Итланэ ар нэгъуэщIым и пщIэнтIэпс кьихьа щыгугъыныкъым, дыгъуэнкIыр, хьилагъэ зэрихьэныр игу кьэкIынукъым.

Джэзэ езыр сабийуэ анэншэ хьуащ. Зэрыбгынийм кьахэнауэ щытащ я адэр. Куэд дэмыкIыу ари ягъэкIуэдащ; ефэнфыуэ кьуаxэм дэсахэм ящыщти. Абы и ужькIэ сабийхэр щхьэпIыж пэльытэ хьуауэ кьэтэджащ. Апхуэдэу балигъыпIэ иувауэ Уэлджырэ кьаxьхьащ бзыльхугъэр. Абырэ и щхьэгъусэ Кушбийрэ сабиитIл эдагъуэтауэ, гъащIэми бынми дахагъэкIэ хуэхьуапсэу псэуи щIэзыщэуа унагъуэ дахэм Хэку заущхуэр кьатепсыхащ. Кушбий яхэхуащ бий бзаджэм япэу япэщIэувахэм икIи и гъащIэр ТекIуэныгъэм щIитащ. Джэзэ и насыпти, и узыншагъэмрэ лэжьыгъэмрэ эздэхьурти, хульэкIащ быниплIи кьигъэтэджыну, гъащIэм лъэ быдзэкIэ хитъ-увэну. И хьыджэбзишри и щIалэ закьуэри унагъуэ щхьэхуэу игъэтIысыжащ анэм. И гур нэхъ эхьуэмыгъуэр и щIалэ закьуэри, абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ иригъэгъуэтащ. Джэзэ и кьуэ Уэлджыр Мушэхьид щIэныгъэлI цIэрыIуэщ, КъБКъМА-м и профессорщ, академикщ.

- Унагъуэ насыпыр изщ, зэщхьэгъуэсхэр хьэхуэтрэ бынхэр пхуэуэзынщэмэ. Мышкъумэ екъуIэныгъэмэ я лъабжьэр лIымрэ фызымрэ яку дэль зэгурыIуэныгъэрщ, - пещэ нанэ Iумахуэм. - ГъащIэм щысльэгъуащ гукIэкIуэ куэд. Анэмэ, адэмэ, зауэм хэкIуэда си дэльхуитIми, си щхьэгъусэми я гуэзвэгъуэр згъэщащ. А псом я гущIыIу кьысфIохьу си ныкъ, Кьурэмэхэ япхъу Лилэ пасэу дунейм зэрехьэжар. Си нысэмрэ сэрэ IэфIу, зэгурыIуэдяку дэльу дыззэдпсэуащ. Нэмысыфlэт, цыхьу Iэфlт. ЗэхэIуар тыншыпIэ Тхьэм хуищ...

Лилэ университетым математикэмкIэ щригъэджащ. Мушэхьидрэ абырэ щIалитI эздагъуэтат: Амурэ Анзоррэ. Абыхэм я гур фIы ещI анэ пэльытэу кьаxэна анэшхуэм. Лъэпкым кьыдекIуэкIа хабзэр, нэмысыр жьэгу пащхьэм щыIыхьуэ адыгэ анэм хуэзэфIокI и унагъуэр игъэбыдэн, быным я лъэр IуэхугъуэщIэхэм, гъащIэм жан хуищIын.

Джэзэ ар зыщIхьэщIт унагъуэми дохьуэхьу я нэхьыжьыр узыншэу, я нэхьыщIэр насыпифIэу, екъуIэныгъэр дрэжэгъэрэгъэ яIэу дунейм тетыну.

БЕЦIЫКIУ Хьэзешэ,
КъБКъУ-м и доцент.

● Зэпеуэ-

НыбжьыщIэхэм псэукIэ узыншэр кьыхах

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхугъэмкlэ и министерствэм «ПсэукIэ узыншэр кьыхьыдох» IV республикэ зэпеуэм кьрикIуахэр наIуэ кьыщащIащ.

«УЗЫНШАГЪЭМ и клуб нэхъыфIэ», «ЩIалэгъуалэм я Iуэху гъэмкIэ и министерствэм «ПсэукIэ узыншэр кьыхьыдох» IV республикэ зэпеуэм кьрикIуахэр наIуэ кьыщащIащ.

«УЗЫНШАГЪЭМ и клуб нэхъыфIэ», «ЩIалэгъуалэм я Iуэху ныкъ» проект нэхъыфIэ» унэтIа ныгъэхэм теухуа лэжьыгъэу 24-м хэпльащ къэпщытакIуэ гупыр. Лэжьыгъэхэр видеороликыу, слайду, сценариеу, программэу зэхэгъэувауэ кьрагъэхьащ. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр щIалэгъуалэр псэукIэ узыншэм дегъэхьэхьныщ, хьэл щыхьумыщIэхэм япэIэщIэ щIыныщ.

КъБКъУ-м IэщIагъэIахэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ и факультетым и декан, узыншэу псэуным хуэзыуций «Стимуа» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэ КъуэщIысокъуэ Александр кьыхигъэщащ наркотикым, фадэм, тутыным щIалэгъуалэр демыгъэшэхьным теухуа лэжьыгъэхэр купщIафIэу зэрыщытыр. «Мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэр апхуэдэ Iуэху шынагъуэхэм зэригъэгумэщIым, мыхъумыщIагъэм дихьэха ныбжьыщIэхэм зэрыхъукIэ ядэIэпыкъуну зэрыхущIэхъуэм», - жиIащ КъуэщIысокъуэ Александр.

НыбжьыщIэхэм кьыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэр гъэщIэгъуэнт. КъэпщытакIуэ гупым зэпеуэм псом хуэмыдэу жыдэкIуэ хэтауэ кьыхагъэщащ Бахъсэн, Прохладнэ районхэм я щIалэгъуалэр.

- Мыпхуэдэ зэпеуэр иджы епIанэрэ идогъэкIуэкI. Мы гъэм абы кьыхьыхащ Краснодар краймэ щыщ Тихорецкэ куейм и щIалэгъуалэр. Зэпеуэм адрей щIыналъэхэм я лЫкIуэхэр кьызэрыхьыхьэм кьегъальэгъуэ абы и мыхьэнэр зыхуэдэр, - жиIащ министерствэм и кIуэдамэм и унафэщI Текуен Асльэн.

Зэпеуэм щытекIуаэкIэр мазаем и кIэм ягъэлъэпIэнущ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Щэнхабзэ

Я лэжьыгъэр къапщытэжк

ШэджэмкъуажэмШэнхабзэмкIэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ художественнэ самодеятельностхэм я иныжь лъжьыгъэр кьыщапщытэжк концерт. Кьызэхуэсахэм я гукъыдэжьр кьаIутащ куэд щIауэ зи зэфIэкIым щыгъуазэ артистхэми тутыку кьыхьагъащIэ ныбжьыщIэхэми.

ХАБЗЭ дахэ хьуауэ, ильэс къэс кьызэрагъэпэщ мыпхуэдэ пшыхьым пэшым щIэзу щIыхуэхэр зэхуешэс. Балигъэрэ щIалэгъуалэрэ куэду кьокIуалIэ я нэгу зрагъэужьыну, махуэ къэс зыхэт Iуэхуэхэм кьыхэкIыу, я гукъыдэжьир кьаIэтыну.

Абдеж ар зыщIхьэщIт унагъуэми дохьуэхьу я нэхьыжьыр узыншэу, я нэхьыщIэр насыпифIэу, екъуIэныгъэр дрэжэгъэрэгъэ яIэу дунейм тетыну.

БЕЦIЫКIУ Хьэзешэ,
КъБКъУ-м и доцент.

● Футбол

«Карпаты»-м фIехьэху

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2011 - 2012 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэныным «Спартак-Налшыкым» мазаем и 2-м щегъэжьауэ щыпещэ Тыркуем и Сиде щыIэм.

ЩIЫШЫЛЭМ екIуэкIа яп э зыгъэсэгъэмэ хуэдэу, Тыркум нэсри, етIуанэ махуэм ди щIалэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIуущIэ абы щрагъэжьэкIащ. Налшыкдэсхэм хьэрхуэрэгъу кьахуэхьуащ Украинэм и командэ нэхъ лъэщхэм ящыщ, нэгъабэ Европэм и Лигэм щыдэсэгъа Львов и «Карпаты»-р.

Нэхъ пасэу зыгъэсэныгъэм щIалэгъуалэ украин футболистхэр ди щIалэхэм ксайфIэкIащ икIи Касьянэ Чернихрэ топ зырыз 25-нэ, 90-нэ дакьикъэхэм кьытхудагъэкIри, 2:0-у текIуэныгъэр яхьащ. «Спартак-Налшыкым» хэту а махуэм джэгуащ: *ятэ Iыхьэм* - Будаковыр, Аравиныр, Овсиенкэ, Мкоян, Багаевыр, Щанцинныр, Рухаиа, Концедаловыр, Голич, Сирадзе, Митришевыр; *етIуанэм* - Фредриксон, Хъуэр, Соблырыр, Куликовыр, Абаэзэр, Захирович, Малакян, Фомин, Скворнюк, Даниэл, Болэр.

Тыркум ди щIалэхэр мазаем и 16 пщIондэ щыIэнущ. А зэманым кьрифыбдэу зыгъэсэныгъэм кьыдэкIуэу, зэныбжьэгъугъэ зэIуущIэу 4 ирагъэжьауэ кьIэныщ. «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьунущ Узбекистаным и «Насаф»-р (мазаем и 8-м и щыдэсхьэм), Сербием и ОФК-р (мазаем и 15-м и щэджагъуэм), Белоруссием и «Шахтёр»-р (мазаем и 15-м и щыпхьэщхьэм).

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Аруан куей

Тыгъэ гуапэ

Псынабэ къуажэм дэт курыт еджапIэм иджыблагъэ ираташ сом 1 мелуан и уасэ автобусыщIэ.

ИЛЬЭС куэд лъандэрэ ахэр зыпэплъа транспортымкIэ школым пэзэльыжьэу псэу еджакIуэ щыкIуэкр пщэдджьыжькIэ еджапIэм крашалIэ хуэнущ. Апхуэдэу ар кьахуэсэбэпынущ дунеяпIэ щыкIуэнум дежи, район, республикэ зэхьэзэхуэхэм еджакIуэхэр ящэн хуей щыхьыми.

Мы еджапIэм ПАЗ автобусыр тыгъэ яхуэщIыныр я жэрдэмщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Аруан куей администрацэмрэ абы егъэджэныгъэмкIэ и кIудамэмрэ. Автобусыр кьыхэрыратым иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхьихьэм жэрдэмщIакIуэхэм фIыщIэ ин хуащIу кьыщыпсэльащ егъэджэныгъэмкIэ куей кьудамэмрэ школымрэ я унафэщIхэр, еджакIуэ цыкIуэхэр.

«Мыр куэд лъандэрэ дызыщIэхьэхуэ псэ Iуэхугъуэщ икIи мыбы щыгугфIыкIынущ егъэджакIуэхэр, школакIуэхэм я мызакъуэу, адэ-анэхэри», - жиIащ еджапIэм и унафэщI Теувэ Иринэ.

КьыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэ нэсрэ гъэсэныгъэ тэмэмрэ ябгъэдэльхьэным я зэфIэкI псори ар зи кьалэнхэм зэрырахьэлIэм и щыкIуэщ мы еджапIэм хуащIа гупыгъэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дунейм гу щихуэну хунэсакъым

КъэкIуэнум фIыгъуэ куэдкIэ щыгугъэ, зи Iэщ1агъэрэ лэжьыгъэкIэ лъагапIэщIэхэм хуэпфIэгъэ, игъэтIыгъуэ мурадыфIэхэр гъащIэм нэрылъагъу щыхъуным хущIэкъу, зыпэрыт къалэн мытынышр ящэлэну ёэзыхьэкI ядыгэ щIалэт Ныр Азэмэт. Абы зыхилъхьэ щыIэтэкъым и унагъуэр, и нэхъыжьхэр. Ар щыгуфIыкIырт дунейм кьытёхьа и ётIуанэ хъыджэдэ щыкIуи. Ныбжьэгъум хуэпэжт, цIыхум зэрегуэпэным, зэрызыщIигъэкъуэным яужь итт...



● Фэеплъ

АЗЭМЭТ ехьэлIа псалъэхэр блэкIа зэманым иту къэтхьын хуей хъуащ. Мурадыфlэхэр зи куэд, зыпэрыува IэнатIэм хуэпэж щIалэм и гугъэмрэ и гъащIэмрэ зэуэ къыхэзгъэнущ. Налшык къалэмкIэ УВД-м и криминальнэ милицэм уголовнэ къэпльыхьэныгъэхэмкIэ и кIудамэм и оперуполномоченнэ, милицэм и капитан Ныр Азэмэт Мухьэмэд и къуэр и къалэн игъэзащIэу 2011 гъэм мазаем и 7-м хэкIуэдащ.

Ар гум пхутемыгъахуэ, зыри зыпхуэхмылъхьэжьну гуауэ. Абы и фэеплъу кьытхуэна хъыджэбэ цIыкIуитIым адэм и IэфIыгъэр зыхащIэну хунэсакъым. НэхъыщIэр 2010 гъэм щэкIуэгъуэм кьалъхуауэ арат. Абы и адэр зэрицIыхунур суроткIэщ, хуэIуэтэж хъыбарымкIэщ. КIэщIу и гъащIэр кьыщыгэпыудми, и етIуанэ сабийм Iуплъэну, абы щыгуфIыкIыну кьызэрыхуихуари куэд и уасэщ. А пащащэ цIыкIуэмкIэ абы иIа гуГъэхэмрэ и хъуэпсапIэхэмрэ гъащIэм кьащыльысэмэ, ди дежкIэ ар насыпыщхуэщ. Быныр адэ-анэм я нэхъ бёягъ, лъапIэныгъэ дыдэщ. Нобэ кьытхэмытыж Азэмэт дунейм гу щихуэну хунэмысами. Ахъэтэр псэхуIэ Тхьэм хуищI! Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым.

А гуэвэгъуэр кьызэрыхъуэ илъэс ирокъу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ гуауэр зыпльэIэсар ди закъуэкъым. БзаджащIэхэм иджыри кьызэтеувыIэ ящIэркъым. Абыхэм япэщIэт хабзэхъумэхэм я мызакъуэу, щыкIуэ мамырхэм я гъащIэри кьызэпаудэ республикэм щызэеуэ щIэпсэльаджащэ гупхэм. Игъуэ хъуащ бзаджащIэхэм зыкъащIэжьыну. Псори дызэкъуэту дыпэщIэтын хуейщ апхуэдизу гуауэ, насыпыншагъэ кьытхуэзэлъ мыхъумыщIагъэр кьызэтегъэувыIэныр.

НЫРХЭ.

● Налшык къалэ

Щымахуэ шылэмэ гухэхьуэгъуэ щыбогъуэт ХьэтIохьущокьуэхэ я хадэм.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ФIыщIэ

Я псалъэри хущхъуэщ

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетыр сэ зыхуэзгъадэ щыIэкъым, сфIэфIу икIи сфIэгъащIэгъуэну абы и напэкIуэцIхэр щыIэждыкI. Сэ сызэрепльымкIэ, ди анэдэлъхубзэкIэ кьыдэкI газет закъуэр зэрымылъ унагъуэр абы икъуэкIэ хуэныкъуэщ. Ар къащIыгуфIыкIыр газетым еджэу щIадзэмащ, абы и мыхьэнэр, лъэпкъым дежкIэ и щхьэпагъыр Iэмал имыIэуи зыхащIэнущ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр ильэс щэ ныкъуэм щIитIуауэ си унагъуэм къохьэ. А льэхъэнэм къуифыбдэу газетым зиузэщIуурэ кьекIуэкIащ, псом хуэмыдэу иужьрей зэманым куэдкIэ нэхъ щIэщыгъуэ хъуащ. Ар зи фIыщIэр абы и лэжьакIуэ гупращи, Тхьэм фригъэфIакIуэ яжьзоIэ.

Сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэр кьэзгъэсэбэпу, гугъу кьыздехьа цIыху гуапэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну.

Сэ ныбжьыфI сиIэщ. Пльдэуейм ильэс зыбжанэ лъандэрэ гугъу ерагъэкъ. Иужьрей зэманым хущхъуэ зыгъэфхэри пэмылъэщIыжу, нэхъ кьыстехьэлъэ хъуат. Махуэ гуэрым Налшык къалэ сымаджэщ №1-м Хьэмыз Мадинэ зи унафэщI и кьудамэм сыщIэхуащ. А дохутырым си Iуэху зыIутыр псынщIэу зэхигъэкIри, кьызэIэзэу щIадзащ. СымигъэщIэгъэн елъэкIкъым Мадинэ и гумызагъэгъэр. И нэIэм щIэт псоми я щытыкIэм иригъавзэу, зэрыхъукIэ узыр зэращхьэщихыным хущIэкъуу апхуэдэщ ар. Абы кьыдэлажьэ бзаныхъугъэхэри я Iэщlагъэм хуэIэижащ, дэтхэнэми нэсу и кьалэныр ирекьжI, гуапэхэщ, жэуаплныгъэ яхэлъщ. КьызахьэлIэ хущхъуэмрэ я псалъэ гуапэмрэ зэхьихьэжри, зэман кIэщIым си узыншагъэр зэтрагъэувэжащ. Сахуэзарэзыщ а кьудамэм щылажьэхэм икIи сохуэгъуэу унагъуэ насыпт яIэу, узыншагъэ щымыщIэу, я Iэзагъэм хагъакъуэу ильэс куэдкIэ я Iэнатlэм пэрытыну.

Лэжьыгъэм и ветеран **ХЬЭЦIЫМ Уэлий.**
Iэдиижу жылагъуэ.

● ХьыбарегъащIэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2012 гъэм и мазаем мы спектаклхэр щагъэлъэгъуэнущ:

Мазаем 8-м
Думэн Мурадин. «Уэлий и парашют». *(Комедие)*

Мазаем 16-м
Хамидулинэ Еленэ. «КъуэщIыкIуэр жэм телъыджэмрэ». *(Таурыхъ)*

Мазаем и 29-м
Том Робер. «IыхьэгъуэлIагъэм текIуэдахэр». *(Трагикомедие)*

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**

ЩIыщIдзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.
УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыспсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-53-89.**

Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщIхьэм и къудэж), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къудэж), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къудэж), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъаро Алик.**

КъудэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и къудэзхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм яIэдлжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохъэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ1ьэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм яку жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощтэ зэпыщIагъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтымыгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №ПИ-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIу щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ, редактору ЖЬэкIэмыхьу Мариэ, корректорху ЩоджэнИнэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я ёдэпльхьуэгъу* **Мырзэкан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Мариэ, Ныр Сандэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щызэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.960 ● Заказ №222